

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data dina bab IV, aya sababaraha hal anu bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

a. Transliterasi Naskah Wawacan Hikayat Hasan Shoig Bashri

Hikayat Hasan Shoig Bashri mangrupa naskah anu ditulis maké aksara Arab Pégon anu ditransliterasikeun kana aksara Latén, basa anu digunakeunna nya éta basa Sunda. Ieu wawacan dikarang ku Haji Muhyidin, eusina dibagi kana 2 jilid. Masing-masing tina éta 2 jilid, dibagi kana 64 kaca. Jilid kahiji aya 723 pada pupuh, sedengkeun jilid kadua aya 668 pada pupuh.

b. Wangun Naskah Wawacan Hikayat Hasan Shoig Bashri

Ieu wawacan jumlah pupuhna aya 8. Pupuh anu digunakeunna nya éta pupuh Asmarandana digunakeun 7 kali, Sinom 8 kali, Kinanti 6 kali, Dangdanggula 5 kali, Pangkur 4 kali, Gurisa 1 kali, Magatru 1 kali, jeung Maskumambang 1 kali.

c. Struktur intrinsik Wawacan Hikayat Hasan Shoig Bashri

Struktur intrinsik nu dianalisis dina ieu panalungtikan nya éta téma, galur, palaku, latar, puseur sawangan, jeung gaya basa.

Téma dina wawacan *Hikayat Hasan Shoigh Bashri* nya éta ngeunaan kahirupan sosial hiji pamuda anu leket pisan kana agama nu diagemna. Galurna kaasup kana galur mérélé atawa maju.

Dina ieu wawacan kacatet aya 33 palaku. Nu jadi palaku utama dina ieu wawacan nya éta Hasan Soigh Bashri. Hasan Shoigh Bashri mangrupa puseur dina carita, manéhna nu ngalalakon ti mimiti nepi ka ahirna. Palaku kadua dina ieu wawacan aya 10 palaku. Sakabéh palaku kadua mangrupa palaku nu raket patalina jeung Hasan Shoigh Bashri sarta mangaruhan kana jalan carita. Palaku tambahan dina ieu novel 22 urang.

Dina ieu wawacan, latar tempat jeung latar waktu anu kagambarna loba pisan lantaran mindengna palaku utama ngalaksanakeun lalampahan. Sedengkeun latar sosial dina ieu wawacan aya 5 kalangan, nya éta kalangan jalma biasa, para raja, para jin, pandita, jeung para ponggawa.

Puseur sawangan nu digunakeun dina ieu wawacan nya éta caturan jalma katilu jeung jalma kahiji. Caturan jalma katilu anu digunakeunna nya éta nu teu kawatesanan atawa sarwa terang. Dina caturan jalma katilu sarwa terang ieu, pangarang nyoko kana kabéh karakter sarta nempatkeun karakterna di jalma katilu lantaran sok disebutkeun ngaranna langsung atawa maké kecap sulur manéhna. Pangarang ogé bisa nyieun karakter-karakterna sarwa nempo, sarwa ngadéngé, jeung sarwa nyaaho. Pangarang bisa nempo kana alam pikiran palaku sarta nyaho naon eusi batinna para palaku. Sedengkeun gaya basa nu dipaké nya éta basa anu kauger dina wangun puisi pupuh, teu jiga carita prosa. Dina ieu wawacan loba ngagunakeun kekecapan anu aya patalina jeung kaagamaan (agama islam), misalna waé syiir-syiir Arab. Sanajan dina ieu wawacan téh loba ngagunakeun syiir-syiir Arab, tapi dina pupuh lianna sok dihartikeun kana basa Sunda. Dina wawacan ieu ogé kapanggih paribasa-paribasa Sunda. Lian ti éta, digunakeun ogé gaya basa mijalma (*personifikasi*), babandingan (ngumpamakeun/*simile*), hiperbola/kaleuleuwih, jeung mindoan/ purwakanti.

d. Ajén Agama dina Wawacan

Ajén agama anu dianalisis dina ieu wawacan ngawengku kana akidah, ahlak, jeung fiqih.

Akidah anu kapanggih dina ieu wawacan nya éta iman ka Alloh, sipat-sipat Alloh, qada' jeung qadar (takdir), jalma kapir bakal rugi, jeung ayana jin-jin anu diciptakeun sarua jeung jalma nya éta taya lian pikeun ibadah ka Alloh. Ngeunaan ahlak nu kapanggih tina para palakuna nya éta aya ahlak anu hadé jeung ahlak anu goréng.

Salian ti akidah jeung ahlak, dina ieu wawacan dianalisis ogé unsur fiqihna. Fiqih anu kapanggih dina ieu wawacan nya éta perkara warisan, waktu dina sholat fardhu, nikah, solat jenazah, jeung perkara pamajikan anu doraka ka salakina.

e. **Bahan Ajar Struktur Intrinsik jeung Unsur Budaya dina Wawacan**

Ieu wawacan bisa dijadikeun bahan pangajaran maca di tingkat SMA dumasar kana SKKD pangajaran basa sunda di SMA ngeunaan maca carita buhun. Dina maca carita buhun, siswa diperedih pikeun maham lain ngan saukur wawacan nu dibacana wungkul, tapi ogé jeung struktur intrinsik sarta ajén agamana.

5.2 Saran

Naskah wawacan mangrupa karya sastra buhun nu masih dianggap anéh ku sawatara masarakat kaasup siswa sakola. Saupama nanya ka masarakat atawa ka siswa ngeunaan naskah, maranéhna bakal mikir yén éta naskah téh naskah drama. Padahal nu dimaksud naskah didieu nya éta naskah anu eusina karya sastra buhun anu ditulis dina wangun pupuh. Ku kituna pangajaran maca ngeunaan wawacan téh penting pisan, lantaran pikeun ngawanohkeun naskah Sunda anu eusina ngeunaan karya sastra, lain nu mangrupa naskah drama. Aya sababaraha saran nu baris ditepikeun dina ieu panalungtikan, di antarana:

- 1) Wawacan Hikayat Hasan Shoig Bashri dipiharep bisa dijadikeun bahan panalungtikan satuluyna, sangkan ieu wawacan téh pada apal jeung bisa numuwuhkeun minat masarakat kana maca naskah Sunda
- 2) Perlu aya tarékah pikeun ngawanohkeun karya sastra sunda buhun ka para siswa. Tapi nu jadi guru kudu bisa ngaping murid-muridna sangkan teu salah kaprah dina ngartikeun karya sastra Sunda buhun. Ku kituna, dipiharep guru-guru téh bisa ngawasa matéri nu rék diajarkeun ka muridna.
- 3) Dilarapkeunna hasil ieu panalungtikeun pikeun bahan ajar dina widang sastra, basa, agama, jeung seni di sakola.